**Pou Piblikasyon Imedya:** 08/26/2015 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

# GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE RETOU EKIP PONPYE NEW YORK LA APRE YO TE FIN LITE NAN DIFE FORÈ 25,324-KAWOTÈ NAN OREGON

***Gouvènè Cuomo te deplwaye dezyèm ekip 20 manm pou kontinye ede nan lit kont dife nan Kot Lwès la***

***Wap jwenn disponib foto ekip ki te retounen nan lit kont dife a disponib La***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse retou ansekirite ekip 20-manm gad forè yo, anplwaye ak volontè yo ki soti nan Depatman Konsèvasyon Anviwonman ki te batay nan dife 25,324-kawotè Stouts Creek, toupre Milo, Oregon, pandan twa semèn ki sot pase yo. Anplis, Gouvènè Cuomo yè te deplwaye yon dezyèm ekip 20 manm pou kontinye asistans New York nan dife kot lwès la. Pwochen gwoup sa gen ladan uit gad forè, sis anplwaye ak sis volontè ki soti nan Saratoga Springs division nan Depatman Konsèvasyon Anviwonman an.

“Gason ak fi brav sa yo te reponn apèl la e avèk fyète yo te pote tradisyon Nouyòkè kap ede vwazen yo nan tan bezwen,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Yo te montre pwofesyonalis ak valè pandan travay sa a ki te san parèy e mwen rekonesan dèske yo retounen ansekirite. Mwen swete menm bagay la pou dezyèm gwoup la ki pral ede nan lite kont dife forè sa yo.”

Retou ekip sa te fè pati de yon ekip 1,045 ponpye ki te travay pou kontwole dife Stouts Creek pandan dènye de semèn ki sot pase yo. Dife a te kòmanse nan dat 30 jiyè akoz de yon machin zèb ke yo te itilize nan lè ki te entèdi. Yo te kontwole l nan dat 21 out, men eksepsyonèlman kondisyon sèk yo te olije pou ekip la kenbe yon prezans konstan nan fason pou kontwole dife a.

Ekip ki te ede nan kreye liy kontwòl yo pou kontwole dife forè a, te netwaye materyèl nan chemen dife a epi konplete operasyon rediksyon an kote ekip la te fè eksprè pou mete tè nan liy kontwòl dife a nan fason pou retire pi gwo gaz dife a.' Pandan tan yo, ekip la te travay nan teren ki di epi andire tanperati ki elve chak jou. Apre de semèn travay, ekip la te vwayaje retounen nan Harrisburg, Pennsylvania, li te repoze lannwit lan, apresa pran otobis pou yo retounen lakay nan maten an.

“Mwen kontan pou m akeyi retou gason ak fi brav sa yo ki te pase de dènye semèn yo nan ede kontwole gwo dife forè sa ak pwoteje resous natirèl presye,”Komisyonè pa Entèrim DEC Marc Gerstman te deklare. “Nou rekonesan dèske yo te retounen ansekirite e nou swete dezyèm ekip la fè yon travay ki ansekirite ak pou l akselere vwayaj retou yo.”

Ekip ki retounen an gen ladan:

Gad Forè yo

- Gad Forè John Scanlon, Crew Boss, Konte Lewis
- Gad Forè Kevin Slade, Squad Boss, Konte Ulster
- Gad Forè Philip Parlier, Ponpye, Konte Orange
- Gad Forè Alexander Virkler, Ponpye, Konte Sullivan
- Gad Forè Michael Thompson, Ponpye, Konte Fulton
- Gad Forè Russell Martin, Ponpye, Konte New York
- Gad Forè Justin Thaine, Ponpye, Konte Allegany
- Gad Forè Robert Stratton, Ponpye, Konte Sullivan

Anpwlaye yo

- Aaron Graves, Tè ak Forè, Ponpye, Konte St. Lawrence
- Mary Grose, Tè ak Forè, Ponpye, Konte Herkimer
- Justanna Bohling, Tè ak Forè, Ponpye, Konte Oneida
- Eric Kasza, Tè ak Forè, Sawyer, Konte Saratoga
- Frederick Hamilton, Pwason ak Lafon, Ponpye, Konte Suffolk
- Kevin Jennings, Pwason ak Lafon, Ponpye, Konte Suffolk
- Donald Nelson, Jesyon Materyèl, Sawyer, Konte Onondaga
- Tyler Briggs, Albany Pine Bush Preserve, Ponpye, Konte Albany
- William Fonda, Afè Piblik, Ponpye, Konte Nassau

Volontè yo

- Matthew Vincent, Ponpye, Konte Essex
- Lawrence Day, Ponpye, Konte Steuben
- Harry McDaniel, Sawyer, Konte Chenango

Yo te deplwaye kat gad forè adisyonèl yo ki te deplwaye separeman nan ekip sa a ki te retounen lakay li. Yo gen ladann:

- Gad Forè Timothy Chapantye, Konte Steuben, te afekte nan dife 40,904-kawotè Wolverine nan Forè Nasyonal Okanogan-Wenatchee, Wenatchee, Washington kòm yon lidè gwoup travay nan seksyon operasyon. Li te retounen nan New York nan dat 19 out.
- Gad Forè Adam Pickett, Konte Herkimer, te afekte nan dife 88,161-kawotè Okanogan Complex, nò eta Washington kòm yon chèf seksyon planifikasyon. Li te retounen nan New York nan dat 20 out.

- Gad Forè Bob Rogers, Konte Cattaraugus, te afekte nan dife 31,190 kawotè Konplèks Mad River, apresa te re-afekte nan 34,543-kawotè konplèks wout, toulède te lokalize nan Forè Nasyonal Sis rivyè nan nò California kòm yon chèf seksyon planifikasyon. Li te retounen nan New York nan dat 22 out.
- Gad Forè Michael Burkholder, Konte Chenango, te afekte nan Gasquet Complex, Forè Nasyonal Sis rivyè, nan nò California kòm yon lidè inite apwovizyonman seksyon lojistik. Li te retounen nan New York nan dat 22 out.

New York te voye anvan yon ekip ponpye pou ede nan eta lwès yo pou lite kont yon gwo dife forè nan 1979, e, jeneralman, yo te voye youn oswa de ekip pou ede chak ane. Epitou, nan ede kontwole dife forè nan lwès yo epi diminye dega, ekip sa yo vin gen bon jan esperyans ki ka sèvi nan konbat dife forè nan New York. Tout depans vwayaj ak administratif pou anplwaye, ekip la peye dirèktemam pa Sèvis Forè Etazini oswa ranbouse a eta.

Jiska dat, plis pase 7.5 milyon kawotè te boule nan Etazini ane sa a sa ki te deja plis pase double total 2014 la. Chanjman klima te jwe yon gwo wòl nan ogmantasyon sa a. Kondisyon yo ki favorize sezon dife ki pi grav ak pi long yo tankou tanperati a kap kontinye ogmante, te vini pi frekan akoz chanjman klima.

Ane sa a, sèn nan te kreye akoz yon mwa jen ki cho ak sèk nan fason ki pa nòmal avèk rekò long vag chalè. Anfèt, jen 2015 se te mwa ki te pi cho nan rekò pou eta Washington, Oregon, California, ak Idaho e preske tout nan eta sa yo ap andire yon sechrès grav. Syantis ak meteyolojis yo espere ke gwo El Nino ke yo te prevwa pou ane a pral bay soulajman epi simonte wo presyon ki te bloke imidite pou atenn pati yo nan rejyon an.

Ponpye yo ki soti nan lòt eta yo kontinye ap ede Sèvis Gad Forè Etazini ak eta lwès yo pou lite kont plizyè santèn kawotè dife forè nan kot lwès la.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418